

KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU AVANTAJ CHOMAJ AK ASIRANS SANTE

Piblikasyon sa a gen enfòmasyon ak konsèy ladan l nan dat 19 mas 2020.

ASIRANS CHOMAJ

Kiyès ki kalifye pou resevwa asirans chomaj akòz fèmti yon travay?

Yon anplwaye yo ranvwaye oswa ki gen diminisyon èdtan kalifye pou aplike pou asirans chomaj nan Eta a, menmsi travay la gen entansyon relouvri alavni.

Èske yon kontraktè endepandan kalifye pou resevwa avantaj asirans chomaj?

Non. Yon kontraktè endepandan pa kalifye pou resevwa asirans chomaj. Anjeneral, yon travayè se yon kontraktè endepandan si moun ki peye li a gen dwa sèlman pou kontwòl oswa pou dirije rezilta travay la (e non pa fason travay la fèt).

Pou yon travayè kapab yon “kontraktè endepandan” oswa yon “anplwaye” li, sa depann de reyalyte chak ka. Si ou kwè yo te klase ou yon fason ki pa kòrèk kòm yon kontraktè endepandan alòske ou ta dwe klase kòm yon anplwaye, ou dwe konsilte yon avoka. Ou gendwa aplike tou pou avantaj asirans chomaj epi Eta a ap detèmine si ou kalifye.

Ki mezi yon moun dwe adopte pou li resevwa asirans chomaj?

Pou resevwa asirans chomaj, yon moun dwe soumèt yon aplikasyon nan Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor). Genyen de fason pou aplike:

Aplike sou entènèt nan ny.gov/services/get-unemployment-assistance pandan èdtan ki annapre la yo:

- Lendi jiska Jedi: 7:30 a.m. jiska 7:30 p.m.
- Vandredi: 7:30 a.m. jiska 5 p.m.
- Samdi: Nenpòt lè
- Dimanch: Jiska 7 p.m.

Aplike nan telefòn nan 1-888-209-8124 pandan èdtan pwolonje sa yo:

- Lendi jiska Jedi: 8:00 a.m. jiska 7:30 p.m.
- Vandredi: 8:00 a.m. jiska 6:00 p.m.
- Samdi: 7:30 a.m. jiska 8:00 p.m.

Nan konbyen tan yon moun ka depoze yon demann pou asirans chomaj?

Moun yo ka depoze yon demann menm kote yo ranvwaye ou oswa yo diminye nan èdtan travay yo. Akòz yon gwo kantite aplikasyon li resevwa, Depatman Travay te mete anplas yon nouvo sistèm aplikasyon ki baze sou premye lèt ki nan non fanmi yon demandè:

- A – F : Lendi
- G – N : Madi
- O – Z : Mèkredi
- Te manke jou ou: Jedi, Vandredi, ak Samdi

Tout demann yo antre anvigè nan Lendi ki nan semèn kote yo depoze demann yo. Jou nan semèn nan yo te depoze demann nan pa pral retade okenn peman asirans chomaj.

Apati kilè yon moun ki kalifye ap kòmanse resevwa asirans chomaj?

Y ap peye moun yo pou premye semèn chomaj la, jiska 26 semèn antou sou yon peryòd yon ane. Nan sèten

sikonstans, Eta a gendwa pwolonje paman avantaj chomaj yo depase 26 semèn.

Kisa yon ansyen anplwaye dwe montre pou li pwouve kalifikasyon pou resevwa avantaj asirans chomaj?

Ansyen anplwaye a dwe (1) pwouve yon istwa travay resan, (2) dwe san travay san se pa fòt pa li, (3) dwe pare, dispoze epi kapab travay, epi (4) ap fè demach pou jwenn travay.

- *Remak:* Byenke kriz COVID-19 la gendwa anpeche yon ansyen anplwaye “fè demach pou jwenn travay”, jiska 3/13/2020, Eta a pa t rann kondisyon sa a mwen estrik.

Èske yon ansyen anplwaye ka resevwa paman pou nenpòt jou maladi oswa jou vakans li akimile ke li pa te itilize si yo te ranvwaye li san se pa pwòp fòt pa li?

Anplwaye yo dwe tcheke règleman ansyen travay yo pou konnen si yo dwe yo paman vakans yo. Si yon anplwaye te reyalize jou vakans nan ansyen travay li epi li pa te resevwa paman pou yo apre yo fin ranvwaye li, li gendwa depoze yon plent nan Depatman Travay Eta New York. Nan Vil New York, yon patwon pa gen obligasyon legal pou peye yon ansyen anplwaye pou jou malad li pa itilize yo, men sèten patwon ka gen règleman pou fè sa.

Èske yon travayè imigran gen dwa pou jwenn asirans chomaj?

Wi, men travayè a anjeneral dwe gen otorizasyon pou travay ni nan moman anvan li kòmanse touche ni lè l ap aplike pou avantaj yo.

Ki kantite asirans chomaj yon moun ap resevwa?

Yon moun ap resevwa \$104 a \$504 pa semèn selon salè li te gen anvan.

Èske Vil la detèmine si yon ansyen anplwaye gen dwa pou resevwa asirans chomaj?

Non. Se Depatman Travay Eta New York ki pran desizyon sa a, se pa ni Vil la ni travay la.

ASIRANS SANTE POU CHOMÈ

Kisa yon ansyen anplwaye dwe fè pou li kontinye resevwa asirans sante?

Ansyen anplwaye a gendwa:

1. Vizite sitwèb NY State of Health (<https://nystateofhealth.ny.gov/>) pou achte pwoteksyon asirans swen sante sou Mache Asirans Sante Eta a; oswa
2. Kontakte ansyen travay li pou achte kontinyasyon asirans sante anba COBRA pou li kontinye asirans sante ki baze sou travay li si Eta a jwenn anplwaye a kalifye epi plan sante travay la kalifye.

E si ansyen anplwaye a pa kalifye oswa li pa gen mwayen pou peye chwa asirans sante yo ki endike anwo a?

Ansyen anplwaye a ka aplike pou enskripsyon nan NYC Care pou li jwenn sèvis NYC Health + Hospitals ofri.

- Remak: NYC Care PA yon plan asirans men li garanti sèvis NYC Health + Hospitals ofri yo a piba pri ki depann de revni ak kantite moun ki nan fanmi an.

LÒT ASISTANS ANPLIS

Ki sèvis jiridik gratis travayè yo gendwa kontakte pou jwenn plis asistans?

- Legal Aid Society: (888) 663-6880
- Legal Services NYC: (917) 661-4500
- New York Legal Assistance Group: (212) 613-5000
- Unemployment Action Center: (212) 998-6568